Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE $185,000 NAN SIBVANSYON KI TE BAY A KONTE LIVINGSTON POU KREYE WOUT POU NOUVO SANTYE BWASON FABRIKE A

Konte a Chwazi Venkè nan Plan Biznis Brew IN Livingston yo, Li Etabli Pwogram Mikwo-antrepriz Inisyativ Brasaj Konte Livingston (Livingston County Brewing Initiative Microenterprise Program)

Envestisman an Fè Pati "Finger Lakes Forward" – Inisyativ Revitalizasyon Rejyon an Ki Reyisi pou Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvèl Opòtinite

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te bay Konte Livingston $185,000 pou devlopman yon nouvo santye bwason fabrike. Eta New York te bay finansman an atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Finger Lakes lan (Finger Lakes Economic Development Council) ak inisyativ devlopman ekonomik Finger Lakes Forward rejyon an, ki ap atire jefò revitalizasyon yo atravè rejyon an. Finansman yo pral ede retabli yon Pwogram Mikwo-antrepriz Brasaj (Brewing Microenterprise Program), ki ap kòmanse ak kat biznis lokal ki pral kreye 16 pòs travay a tan konplè epi favorize $400,000 nan resous adisyonèl ki soti atravè rejyon an.

"Nan koupe riban wouj, redwi depans, epi bay plis opòtinite pou biznis yo devlope, New York te ede ankouraje yon endistri bwason fabrike ki ap fleri ki ap kreye travay, bay yon bourad a touris, epi sipòte fèm lokal yo, ansanm ak pwodiksyon kèk nan pi bon byè, diven, ak sidr nan mond lan," **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** "Envestisman nou yo ap kontinye favorize devlopman ekonomik nan kominote yo atravè eta a, epi ak kreyasyon yon nouvo santye bwason fabrike, Finger Lakes pral atire plis vizitè ankò pou eksperimante tout sa ke rejyon an gen pou ofri."

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo an, New York vin kounye a gen prèske 1,000 fèm pwodiksyon diven, brasri, distiyri ak sidri ki lisansye. Kantite antrepriz fèm diven nan New York yo te ogmante plis pase 65 pousan soti nan 195 an 2010 pou vin 322 jodi a. Kantite fèm distiyri yo te ogmante soti jis 10 an 2010 pou rive 110 jodi a, pandan ke mikwo-brasri yo te ogmante kat fwa plis, soti 40 pou rive 163. New York se lakay tou

150 fèm brasri ak 28 fèm sidri, nouvo lisans ki kreye respektivman an 2013 ak 2014.

“Gouvènè Cuomo te fè li yon priyorite prensipal pou devlope endistri bwason fabrike Eta New York lan nan fè li vin pi fasil ke tan anvan pou brasri ak vinòb yo vann epi pwomouvwa pwodwi yo,” **se sa Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare, li ki te patisipe nan seremoni prim lan.** “Konpetisyon Brew IN Livingston lan bay prim a antreprenè yo ki ap envesti nan fè Santye Byè Finger Lakes lan (Finger Lakes Beer Trail) vin yon destinasyon. Gras a refòm sans komen sou Administrasyon Gouvènè a, endistri bwason fabrike Eta New York lan ap pwospere, san kenbe an kont rejyon an. Mwen espere vizite Santye Byè Finger Lakes lan byento.”

Swasant-kenz moun te eksprime inisyalman enterè yo nan konpetisyon Brew IN Livingston lan atravè ranplisman yon ankèt. An dènye lye yo te envite 35 demifinalis yo pou vin soumèt prezantasyon videyo yo, epi 15 finalis te ale nan Business Boot Camp – yon kou ki dire senk semèn ki konsantre sou fòmasyon yon biznis ak nyans ak responsabilite ki asosye ak posesyon yon brasri.

Yo te bay kat pake prim egal yo bay twa jèn konpayi ak yon biznis aktyèl nan Konte Livingston pou yo fè ekspansyon, ki enkli: Battle Street Brewery ki nan Dansville, Mortalis Brewing Company ki nan Avon, Quiet Storm Brewing Company ki nan Geneseo ak Original Stump Blower Ciderworks ki nan Lakeville. Yo chak pral resevwa:

- Sibvansyon mikwo-antrepriz $35,000 pou materyèl, enstalasyon yo, ak ekipman (finansman Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè [Community Development Block Grant, CDBG] ki soti nan Renouvèl Kominote ak Kay Eta New York [New York State Homes and Community Renewal]);
- Prè jiska $100,000 a 1 pousan atravè Fon Prè Wotasyon Livingston County Development Corporation lan (Kòporasyon Devlopman Konte Livingston);
- Yon ane afilyasyon nan Asosiyasyon Brasri Eta New York yo (New York State Brewers Association); ak
- Asistans enpo CPA konplemantè ki soti nan EFPR Group.

Yo ap kontinye bay sous finansman altènatif pou twa venkè adisyonèl yo, ki enkli: Amber Lantern Brewing Company ki nan Geneseo, Dublin Corners Farm Brewery ki nan York, ak Horns & Halos Craft Brewing ki nan Caledonia.

An plis, tou sèt venkè yo pral resevwa sèvis sa yo nan men biznis lokal yo:

- Asistans teknik ak komèsyalizasyon atravè Devlopman Konte Livingston (Livingston County Development), Chanm Komès Konte Livingston lan (Livingston County Chamber of Commerce) ak Sant Devlopman Ti Biznis lan (Small Business Development Center);
- Sèvis administratif ak ki gen dekont yo ki soti nan Complete Payroll;
- Sesyon foto konplemantè ak acha yon pake ti biznis nan Hudson Street Studios;
- Konsepsyon logo prim venkè konplemantè ak acha etiketaj pake nan Novus Be Known;

- Yon rechèch otorizasyon mak komès pou yon mak nan Tracy Jong Law Firm; ak
- Souskrisyon gratis pou yon ane nan Tracy Jong Law Firm nan Boot Legger Journals.

Yo te seleksyone venkè yo apati enfòmasyon ki soti nan Devlopman Ekonomik Konte Livingston, Chanm Komès Zòn Konte Livingston lan, Sant Devlopman Ti Biznis lan, ak Antrenè Biznis yo Jeff ak Mike Fitch ki te fasilite kou Business Boot Camp lan. Komite Direktè yo nan Livingston County Development Corporation lan te apwouve an dènye lye yon rekòmandasyon.

Senatè Catharine Young te deklare, “Brasri fabrik yo te rapidman vin tounen yonn nan endistri ki ap devlope pi vit nan eta nou an, ki ap jenere dè milya nan revni ekonomi anyèl lan. Kò Lejislatif la te travay an patenarya ak Gouvènè a pou kapab kiltive endistri bwason fabrike New York lan, ki enkli ekspansyon opòtinite pou lisans brasri ak sidri yo epi amelyore atent komèsyalizasyon. Lè nou lanse inisyativ 'Brewing IN Livingston' lan epi etabli yon Pwogram Mikwo-antrepriz Inisyativ Brasri Konte Livingston sa pral mete antreprenè lokal yo nan yon pozisyon pou kapab kapitalize sou mache sa ki ap elaji epi devlope rapidman. Felisitasyon a Battle Street Brewery, Mortalis Brewing Company, Quiet Storm Brewing Company, ak Original Stump Blower Ciderworks, ansanm ak tout moun ki te bay enfòmasyon lokal ki te nesesè pou kapab lanse inisyativ eksitan sa.”

Senatè Patrick M. Gallivan te deklare, “Envestisman New York nan konpayi lokal sa yo pral kreye travay epi elaji pi plis endistri bwason fabrike ki ap devlope nan rejyon Finger Lakes lan. Inisyativ sa fè pati jefò pèmanan pou revitalize rejyon nò New York lan nan sipòte kreyasyon nouvèl biznis ak ekspansyon sa ki egziste deja yo. Felisitasyon a tout venkè prim yo.”

Eric Gott, ki se Prezidan Komite Sipèvizè Konte Livingston, te deklare, “Sa se yon jou eksitan pou Konte Livingston. Sa se kòmansman yon nouvèl endistri ke nou pa’t genyen anvan, epi li vini de plizyè mwa travay di patisipan yo ak manm estaf konte a. Nou voye remèsiman nou bay Eta New York ak Gouvènè Cuomo poutèt yo ede nou elaji brasri fabrik yo nan Finger Lakes.”

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay Eta New York (New York State Homes and Community Renewal), te deklare, “Nou kontan dèske nou te resevwa finansman Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè inestimab yo pou inisyativ inovativ sa nan Konte Livingston. Pwogram CDBG an li esansyèl pou bay bourad a aktivite ekonomik atravè eta a. An 2016, Pwogram CDBG Eta New York lan te favorize yon adisyonèl $307 milyon nan lòt fon yo. Pwogram lan se yon pati nan Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Finger Lakes Forward Gouvènè Cuomo a, epi nou espere wè rezilta yo kontinye.”

Howard Zemsky, ki se Prezidan, Direktè Egzekitif ak Komisè Empire State Development, te deklare, “Depi lè li te pran pouvwa, Gouvènè Cuomo te koupe riban wouj yo pandan l’ap ogmante pwomosyon ak sipò pou endistri bwason fabrike Eta New York lan, epi li ap abouti a yon sektè ki ap pwospere pou ekonomi Rejyon Nò a. Santye

bwason Konte Livingston lan se yon apwòch kreyatif pou kapab atire plis vizitè nan rejyon an, epi sa pral bay yon bourad byenvini pou biznis bwason lokal yo. Felisitasyon a benefisyè yo epi nou espere wè kwasans pèmanan endistri bwason fabrike a nan Finger Lakes."

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Likè Eta a (State Liquor Authority), te deklare, "Angajman Gouvènè Cuomo nan devlope endistri manifakti fabrik New York lan te rete san branle, soti depi nan òganize premye Somè Byè ak Diven nan Eta a jiska anons jodi a ki ap etabli nouvo santye bwason fabrike Konte Livingston lan. Reyisit administrasyon sa nan modènize lwa ak règleman yo pou pwodiktè bwason fabrike nou yo sa te kondwi a dè santèn nouvo biznis ki ap ouvri pandan sis ane ki sot pase yo ki ap kreye travay, devlopman ekonomik, epi atire touris nan chak kwen nan eta a."

Richard A. Ball, ki se Komisè Depatman Agrikilti & Mache yo (Department of Agriculture & Markets), te deklare, "Pa te janm genyen yon pi bon moman pou fè byè, diven, oswa sidr nan New York. Gras a angajman Gouvènè Cuomo nan devlope endistri a ak envestisman ki soti nan eta a, manifakti bwason fabrike a vin pi djanm pase tan anvan epi li toujou ap elaji. Pandan ke l'ap devlope epi pwospere, nou ap wè pi gwo demann pou pwodwi agrikòl yo, yon ogmantasyon nan touris ak revitalizasyon kominote anba lavil yo atravè eta a. Pwojè sa pral kenbe gwo dinamis sa ale nan Finger Lakes epi etabli nivo pou rès Eta a."

Danny Wegman, ki se Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal nan Finger Lakes, Direktè Egzekitif Wegmans Food Markets, ak Anne Kress ki se Prezidant Monroe Community College, te deklare, "Plan ekonomik Finger Lakes Forward rejyon yo li reyèlman ap fè yon diferans. FLREDC lan kontan pou sipòte endistri bwason fabrike nan rejyon an ki ap ofri pwodwi san parèy. Biznis ki ap boujonnen an ap ede kreye dinamis ki eksitan nan Finger Lakes ki ap tradwi a bon jan kalite pòs travay, epi ede rejyon an libere potansyèl ekonomik fiti li."

Bill Bacon, ki se Direktè Devlopman Ekonomik nan Konte Livingston, te deklare, "Nou rekonèt enpak ekonomik ke endistri sidr ak byè fabrike yo genyen. Pwogram sa te konsevwa pou amelyore pwobabilite reyisit antreprenè sa yo, epi ba yo yon bourad lè yo kòmanse pou ke yo kapab an dènye lye atire touris, kreye travay, epi jenere revni enpo yo."

Maureen Wheeler, ki se Direktè Adjwen Devlopman Ekonomik nan Konte Livingston, te deklare, "Nou te chanse pou nou resevwa resous ki soti nan inisyativ Finger Lakes Forward Gouvènè Cuomo a, epi mwen kontan anpil pou nivo devouman ak antouzyas ki te demontre pa chak grenn nan kenz finalis konpetisyon an yo. Nan chwazi sèt venkè yo nou ap idantifye yo antan ke sa ki pi pare pou lanse nan moman sa, men sa pa vle di ke travay ak lòt ywit yo fini la a. Mwen pa t'ap sezi pou mwen wè tout kenz yo evantyèlman pare epi ap rivalize."

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodia akselere pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konpreyansif rejyon

an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlòpman kominote a. Eta te envesti deja plis pase $3.4 milya nan rejyon an depi lane 2012 pou reyalize travay preparatwa pou plan - nan envesti nan endistri kle yo ki enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou yo devlope ak envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon envestisman $500 milyon eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Envestisman $500 milyon eta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo envesti plis pase $2.5 milya– epi plan rejyon an, jan li te soumèt la, gen pwojè pou bay jiska 8,200 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###